# Разныхас

Дæ къухы ис Ног Фæдзæхст ирон æвзагмæ æнæхъæнæй ног тæлмацæй.

Ног Фæдзæхст у, Сыгъдæг Фыст кæнæ Библи кæй хуындæуы, уыцы чиныджы хай. Библийæ фылдæр æппæт дунейы никæцы чиныг кæсынц. Уый йæхæдæг æнæхъæн библиотекæ у. Цы чингуытæ дзы ис, уыдон мин æмæ æрдæг азы дæргъы цалдæр æвзагыл фыстой бирæ адæймæгтæ.

Библийы фыццаг хай хуыйны Рагон Фæдзæхст. Æппæт рагон адæмтæй Хуыцау дзуттæгты куыд сæвзæрста æмæ семæ фидыд куыд сарæзта, уый у йæ сæйраг мидис. Хуыцау цæмæй Йе 'взæрст адæмыл ауда, уый тыххæй дзуттæгтæ хъуамæ цардаиккой, Хуыцау сын цы уагæвæрдтæ радта, уыдонмæ гæсгæ. Уыцы уагæвæрдтæ иумæ схуындæуыд Моисейы Æгъдау, уымæн æмæ сæ дзуттаг адæммæ Моисей-пехуымпар æрхаста.

Фæлæ уыцы фидыд æмæ Æгъдауæн сæ нысан уыд адæмы ног æмæ æнусон фидыдмæ цæттæ кæнын – Хуыцау æппæт адæмыхæттытимæ ног фидыд аразы, дыууæ мин азы размæ зæхмæ Чи æрцыд, Йæ уыцы Фырт Йесо Чырыстийы руаджы. Ног Фæдзæхсты 27 чиныджы дзурæг сты, Адæймаг Чи сси, Хуыцауы уыцы Фыртыл æмæ Йæ Тугæй фидаргонд ног фидыдыл.

Ног Фæдзæхсты фыццаг цыппар чиныджы хуыйнынц «Евангели» («Евангели» бердзенагау амоны «фарны уац»). Уыцы чингуыты ныхас цæуы Йесо Чырыстийы райгуырдыл, Йæ зæххон цардыл, Йæ мæлæтыл æмæ райгасыл.

Чырыстон Аргъуан куыд фæзынд æмæ райдианы куыд царди, чырыстон уырнындзинад дунейыл куыд тагъд æнхъæвзта, ууыл та дзурæг у Ног Фæдзæхсты иннæ чиныг – «Апостолты хъуыддæгтæ».

Ног Фæдзæхсты чингуыты фылдæр хай (21 чиныджы) сты фыстæджытæ. Ныффыстой сæ Йесойы апостолтæ. Уырнджытæн амындтытæ, суанг уæды заман аргъуантæм куыддæрты цы фæливæнтæ æмæ мæнгахуырæдтæ баирвæзт, уыдон хурмæ рахæссын – уый уыцы чингуытæн у сæ сæйраг мидис.

Ног Фæдзæхсты æмæ æппæт Библийы фæстаг чиныг у Иоанны Æргомады чиныг. Афтæ уымæн хуыйны, æмæ дзуры, йæ ныффыссæгæн, апостол Иоаннæн, Хуыцау цы раргом кодта, уыдæттыл. Хуыцау Иоаннæн æргом кæны, рæстæджы кæрон цы хъуамæ æрцæуа, уый – дунейы абон цы фыдæх паддзахиуæг кæны, уымæн Хуыцау сæвæрдзæни кæрон.

Ног Фæдзæхст ныффыстæуыди нæ дуджы I æнусы, бердзенаг æвзагыл – уæды заманы тæккæ зындгонддæр æвзагыл. Дыууæ мин азмæ тæлмацгонд æрцыд дунейы сæдæгай æвзæгтæм.

Ирон æвзагыл Ног Фæдзæхсты хицæн чингуытæ (цыппар Евангелийы) фыццаг хатт джиппы рауагътой 1848 азы. Уæдæй фæстæмæ ирон æвзагмæ тæлмацгонд цыдысты Евангелитæ дæр æмæ Ног Фæдзæхсты иннæ чингуытæ дæр. 1993 азы Библийы тæлмацы институт ирон æвзагыл рауагъта фыццаг æнæхъæн Ног Фæдзæхст (сты дзы Евангелиты революцийы агъоммæйы тæлмац, иннæ чингуытæ та – Байаты Гаппойы тæлмацæй). Ног Фæдзæхсты æндæр ирон тæлмац 1994 азы рауагъта Евангелийы чырыстæтты-баптистты аргъуанты цæдис.

Ацы рауагъд у Ног Фæдзæхст æнæхъæнæй нырыккон ирон литературон æвзагмæ тæлмацы фыццаг фæлтæрæн. Тæлмацгæнджытæ тырныдтой бердзенаг тексты ныхæсты равæрд æмæ хъуыдыйæдты арæзт бафæзмынмæ нæ, фæлæ йын йæ хъуыды зæгъынмæ. Ирон æмæ бердзенаг æвзæгты арæзт кæрæдзимæ æгæр дард лæууы, æмæ дзырдæй-дзырдмæ тæлмац тынг арæх ирон литературон æвзаджы нæ фæбады, рæстмæ йын бамбарæн нæ вæййы, куы та зыгъуыммæ кæны бердзенаг тексты хъуыды.

Ног Фæдзæхст ныффыстæуыди, чиныг джиппы уадзын куы райдыдтой, уымæй дзæвгар раздæр. Мин æмæ фондзсæдæ азы дæргъы-иу сæ рафыстой къухæй, æмæ-иу фысгæ-фыссын текстмæ бахастæуыд ивддзинæдтæ (алы чиныгæн дæр рагзаманы ахæм уыд йæ хабар). Ног Фæдзæхсты авторты къухфыстытæй махмæ иу дæр не 'рхæццæ; нæ къухы дзы цы мингай къухфыстытæ бафтыд, уыдоны та стыр хъауджытæ ис (чырыстон уырнындзинады мидисыл чи фæзындаид, кæд дзы ахæм хъауджытæ нæй, уæддæр). Уырыссаг Синодалон тæлмацы æмæ раздæры ирон тæлмацты бындур у бердзенаг Ног Фæдзæхсты фæстæдæры къухфыстыты текст. Ныртæккæ дæ къухы цы чиныг ис, уый тæлмацгонд у, Библийы Иугонд Æхсæнæдтæ кæй рауагътой, уыцы бердзенаг Ног Фæдзæхстæй (The Greek New Testament. 4 Rev. Ed. By B. Aland, K. Aland, J. Karavidopulos, C. M. Martini, B. M. Metzger. Stuttgart, 1994). Уый у нæ дуджы тæккæ зындгонддæр Ног Фæдзæхст бердзенаг æвзагыл. Йæ бындур сты, мах онг цы рагондæр къухфыстытæ æрхæццæ, уыдон.

Уыимæ мах бацамыдтам, рагондæр къухфыстыты бердзенаг текст æмæ, Синодалон Ног Фæдзæхст цы бердзенаг текстæй тæлмац у, уый æхсæн тæккæ ахсджиагдæр хъауджытæ. Ног Фæдзæхсты фæстæдæры къухфыстыты цы ныхæстæ ис, рагон къухфыстыты та чи нæй, уыдоны иуæй-иу ахсджиаг бынæтты бахастам нæ тæлмацмæ, фæлæ сæ фæбæрæг кодтам расткъуымон къæлæттæй – [ ]. Къухфыстыты æхсæн стыр хъауджытæ кæм ис, уым сæйраг тексты тæлмац у бердзенаг Ног Фæдзæхстæй, фиппаинаджы та мыхуыргонд цæуы фæстæдæры къухфыстыты текстæй тæлмац.

Ног Фæдзæхсты хицæн бынæттæн ис цалдæр хуызы бамбарæн æмæ ратæлмацгæнæн. Ахæм бынæтты тæккæ ахсджиагдæртæн ис

фиппаинæгтæ. Фиппаинæгты амынд цæуы, æндæр хуызы сын куыд ратæлмацгæнæн ис, уый.

Сыфты кæрон фиппаинæгтæ чиныгкæсæгæн бæлвырддæрæй æвдисынц зынæмбарæн дзырдтæ дæр. Æппынфæстаг, тæлмацы кæрон ис, Ног Фæдзæхсты цы терминтыл æмæ нæмттыл фембæлæн ис, уыдоны дзырдуат, стæй, Ног Фæдзæхсты цаутæ кæм цыдысты, уыцы бæстæты æмæ сахарты географион нывæцтæ, Библийы амынд бынæттæн сæ къамтæ.

Библийы тæлмацы институт арфæ кæны, Ног Фæдзæхст ирон æвзагмæ чи раивта æмæ йæ рауадзыныл чи бакуыста, уыдонæн сеппæтæн дæр. Нæ зæрдæ дарæм, ацы чиныг ирон адæмæн ахъаз кæй уыдзæни Хуыцауы Ныхас хуыздæр базонынæн.